

Fen SNAP COVID an plis Federal La

Kisa SNAP COVID ye?

Pandan COVID la, fanmi Massachusetts yo te jwenn SNAP an plis la nan kòmansman chak mwa pou achte manje.



Akoz aksyon federal la, **dènye peman COVID SNAP la se pou 2 mas 2023.**

Kòman sa pral gen ENPAK sou avantaj SNAP mwen yo?

Apati mwa avril, ou pral jwenn sèlman 1 peman chak mwa. Sa se avantaj nòmal ou a. Jwenn kantite a sou DTA Connect oswa rele nan 877-382-2363.

Rapèl: Avantaj SNAP ki pa itilize yo retounen chak mwa. Chanje nimewo PIN ou an sou kat EBT ou a tanzantan pou ka pwoteje avantaj ou yo.

Ou gendwa ka ogmante avantaj nòmal SNAP ou genyen yo, bay DTA enfòmasyon sou:

- Depans medikal ki plis pase \$35 pa mwa pou nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou a ki gen 60 lane oswa plis oswa ki gen yon andikap,
- Si depans pou kay ou a vin plis (lwaye/ipotèk), ansanm ak
- Depans pou swen pou timoun oswa granmoun ki gen yon andikap.

Bay DTA Enfòmasyon Sou Depans Sa Yo:



Ajoute yon nòt alekri sou DTA Connect



Rele Liy Asistans DTA a nan 877-382-2363



Ale nan yon biwo DTA oswa travay avèk yon patnè sansibilizasyonkominotè SNAP: [Mass.gov/ContactDTA](https://www.mass.gov/ContactDTA)

Si ou gen SNAP, ou ka otomatikman patisipe nan HIP!



HIP remete lajan nan kat EBT ou a lè ou itilize SNAP pou achte fwi ak legim nan men vandè fèm HIP. Selon gwosè fanmi ou, ou ka jwenn \$40 jiska \$80 pa mwa.



[Mass.gov/ExtraCOVIDSNAP](https://www.mass.gov/ExtraCOVIDSNAP)



Fen SNAP COVID an plis Federal La

Resous Worcester

POU PLIS ÈD MANJE

- Rele oswa voye yon tèks bay Liy Sipò Project Bread's FoodSource la nan: (800) 645-8333
Liy Dirèk FoodSource (projectbread.org)
- Worcester County Food Bank: (508) 842-3663 <https://foodbank.org/find-food/>
- Si ou gen pitit ki pako gen laj 5 lane / si ou ansent oswa ap bay tibebe tete, ou gendwa elijib pou pwogram nitrisyon WIC la: Mass.gov/WIC oswa rele nan: (508) 796-7000
- Pou benefisyè SNAP yo, itilize avantaj HIP pou achte fwi ak legim nan makèt fèmeye REC yo: RECWorcester.org
- For local food pantries epi pou lòt resous manje ale sou sit entènèt "the City of Worcester Taskforce" (Gwoup Travay Vil Worcester a) sou Sekirite Alimantè (Food Security): FoodHelpWorcester.org

POU ÈD LAJAN KACH:

- Jwenn èd avèk deklarasyon taks 2022 epi nenpòt lajan sipò COVID oswa lajan Kredi Taks pou Timoun yo dwe ou: FindYourFunds.org
- Program Asistans Volontè pou Taks sou Revni (Volunteer Income Tax Assistance, VITA): (800) 906-9887.
- Si ou gen pitit/si ou ansent epi ou pa gen yon revni oswa revni an ba, ou gendwa ka jwenn sipò ki se TAFDC a. Si ou gen 65 lane oswa plis oswa si ou gen yon andikap pandan ou pa gen okenn revni oswa revni an ba anpil, ou gendwa ka jwenn sipò ki se EAEDC a. Jwenn plis enfòmasyon epi aplike: DTACConnect.com oswa rele nan (508) 767-3100

POU ÈD LOJMAN AK SÈVIS PIBLIK:

- Èd pou lwaye oswa ipotèk: Central Mass Housing Alliance (Alyans Lojman nan Santral Massachusetts, CMHA) (508) 752-5519 oswa <https://www.cmhaonline.org/raft-erma-apply-now-english>
Epitou, ou ka kontakte RCAP Solutions <https://www.rcapsolutions.org/> oswa rele nan 800-488-1969
- Èd pou Gaz (Fuel Assistance) ede peye pou chofaj: Worcester Community Action Council (Konsèy Aksyon Kominotè nan Worcester, WCAC) 508-863-9696 oswa LIHEAP@wcac.net



City of Worcester
Taskforce on Food Security
www.FoodHelpWorcester.org

